



Pou Piblikasyon Imedya: 10/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PRÈSKE 16 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON POU OFRI ASISTANS LEGAL SIVL POU VIKTIM KRIM TOUPATOU ATRAVÈ ETA A YO**

***Biwo Sèvis pou Viktim Eta New York la pral Administre Sibvansyon Gouvènman Federal la yo bay 61 Pwogram Asistans pou Viktim***

***Avoka yo te Finanse Atravè Sibvansyon yo pral Pran Referans sou Sitwèb Èd pou Viktim Krim New York la, ki se yon Resous sou Entènèt ke yo ap fè Esè Pilòt sou li nan Rejyon Lwès New York la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse prèske 16 milyon dola nan finansman federal ki pral pèmèt 61 pwogram asistans pou viktim ak sant pou defans timoun eta sipòte yo anboche avoka ki pral ede viktim krim yo nan zafè legal sivil yo, tankou divòs, gad timoun, pwoblèm imigrasyon ak pwoblèm finansye yo. Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) eta a ap administre sibvansyon gouvènman federal la finanse yo, epi yo pral pèmèt pwogram sa yo ofri èd legal gratis bay viktim yo ap sèvi yo.

“Yo pa dwe fòse viktim krim yo pou yo navige pwosesis konplèks ki souvan entimidan sa a, ki se pwosè sivil san reprezantasyon”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Anpil milye Nouyòkè nan kat kwen eta sa a rive nan tribinal san yon avoka pou reprezante yo paske swa yo manke mwayen finansye pou yo anboche youn, oswa yon pa konnen ki fason pou yo jwenn asistans legal. Finansman sa a pral pèmèt New York kontinye sèvi viktim krim yo pandan moman yo nan bezwen yo epi li pral pèmèt yo konekte Nouyòkè ki vilnerab yo ak avoka ki ka ba yo konsèy oswa reprezante yo nan zafè pwosè sivil ki souvan rive akòz viktimizasyon.”

“Manman m te youn nan premye defansè pou viktim vyolans domestik yo, epi se poutèt sa mwen patikilyèman fyè ke nou alatèt nasyon an nan lit nou ap mennen kont vyolans domestik la, epi fè kontrevenan yo asime responsabliblite yo”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi te di.** “Viktim yon krim dwe gen reprezantasyon apwopriye ak aksè a resous yo bezwen pandan moman yo nan bezwen yo. Finansman sibvansyon sa a pral ede ofri asistans pou viktim vyolans domestik yo ak lòt krim yo, sa k ap ofri yo avoka pou ede yo nan zafè legal sivil yo. Gen yon mank sèvis legal ki disponib pou viktim yo, patikilyèman sila yo ki gen revni fèb oswa ki soti nan kominote ki gen gran bezwen yo. Avèk finansman sa a, nou ap asire ke tout viktim yo resevwa swen yo bezwen ak jistis yo merite.”

Viktim krim yo souvan fè fas a anpil obstak ki ka anpeche yo jwenn reprezantasyon legal nan zafè pwosè sivil yo. Kèk nan yo pa gen mwayen pou peye pou yon avoka oswa yo pa konnen sèvis legal gratis ki disponib pou yo nan kominote yo a. Anplis de sa a, viktim kèk krim tankou vyolans domestik ki enplike imigran ki pa gen papyè yo, trafik moun ak abi sou granmoun aje yo, gendwa ezite chache asistans paske yo pè oswa yo wont.

Gouvènè Adjwen Hochul te anonse sibvansyon yo nan yon konferans laprès ki te fèt nan syèj prensipal Safe Horizon lan nan Lower Manhattan, ki se youn nan benefisyè sibvansyon an yo ak pi gran founisè sèvis pou viktim san bi likratif nan peyi a. Prèske 16 milyon dola yo te anonse jodi a reprezante kantite total yo te akòde bay 61 pwogram pou premyè ane kontra senkan yo genyen ak OVS la yo. Yo pral detèmine apre, kantite sibvansyon egzak yo pral akòde pou dezyèm jiska senkyèm ane kontra yo, k ap kontinye rive 30 Septanm 2023, ki swiv menm dat ak ane fiskal federal la. [Klike la](#) pou w jwenn yon lis konplè ki gen pwogram asistans pou viktim k ap resevwa sibvansyon yo.

Pwogram asistans pou viktim yo pral itilize sibvansyon sa yo, ke yo finanse atravè Lwa Federal sou Viktim Krim yo (Victims of Crime Act, VOCA), pou yo anboche oswa siyen kontra ak avoka ki pral reprezante moun yo nan zafè pwosè sivil ki te rive akòz viktimizasyon yo. Pa egzanp, viktim vyolans patnè entim yo, viktim abi timoun yo, viktim agresyon seksyèl yo, ak viktim abi sou granmoun aje yo ak viktim trafik moun yo gendwa bezwen asistans pou òdonans pwoteksyon oswa gad timoun yo; oswa yo bezwen entèvansyon legal ak kreyanse yo ak lòt antite yo paske yo vòlè idantite yo oswa akòz fwòd finansyèl. Avoka sa yo gendwa depoze rekèt nan tribinal la pou yo anile yon kondanasyon; lwa Eta a pèmèt moun yo kondane pou kèk krim pwostitisyon ke yo te detèmine ki te viktim sèten trafik sèks oswa travay fòse pou yo chache jwenn soulajman sa a.

**Elizabeth Cronin, ki se Direktris Biwo Sèvis pou Viktim yo, te deklare,** “Gen anpil eka nan sèvis legal pwosè sivil ki disponib pou viktim krim yo, espesyalman sila yo ki gen revni limite oswa moun ki soti nan popilasyon ki tradisyonèlman defavorize yo. San reprezantasyon apwopriye, gen yon risk pou moun sa yo fè fas a yon bann varyete konsekans negativ akòz viktimizasyon yo sibi, tankou pèt anlwa, lojman oswa gad timoun yo. Finansman sibvansyon sa a pral garanti ke viktim krim yo gen askè apwopriye a konseye konpetan ki gen konpasyon lè yo bezwen l”.

**Direktris Egzekitif Jeneral Safe Horizon lan, Ariel Zwang te deklare,** “Antanke pi gran founisè sèvis pou viktim nan nasyon an, nou konnen ke sivivan vyolans ak abi yo benefisye anpil lè yo gen reprezantasyon legal ki espesyalize nan dwa familyal, matrimonyal, ak zafè ki konsène imigrasyon yo. Yo pa ta dwe ap navige yon bann seri sistèm tribinal konplèks pou kont yo epi Safe Horizon fyè pou nou kanpe bò kote yo pou nou ofri yo asistans legal yo byen bezwen yo. Nouvo sipò sa n ap jwenn nan men Biwo Sèvis pou Viktim Eta New York la pral agrandi anlè avoka Safe Horizon lan yo anndan pwogram kominotè toupatou atravè Vil New York la yo, epi li pral ede sivivan vyolans familyal, agresyon, trafik moun ak lòt krim yo jwenn sekirite ak estabilite. Mwen pwofondman rekonesan anvè Gouvènè Cuomo, Gouvènè Adjwen Hochul, ak OVS paske y ap grandman agrandi sèvis legal pou sivivan toupatou atravè eta yo”.

**Manm Kongrè Nita M. Lowey te deklare,** “Finansman sa a pral ofri sipò ak resous ke viktim krim yo ak fanmi yo byen bezwen. Li enpòtan anpil pou nou ofri òganizasyon kominotè toupatou atravè eta a yo resous yo bezwen pou ede Nouyòkè ki vilnerab yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman li pran pou l sipòte viktim krim toupatou nan New York la yo. Antanke yon manm ki la lontan nan Komite Afektasyon Lachanm an (House Appropriations Committee), mwen pral kontinye sekirize resous federal enpòtan sa yo pou kominote nou yo”.

**Manm Kongrè José E. Serrano te deklare,** “Finansman fidèl enpòtan anpil sa yo pral amelyore sèvis pou viktim krim toupatou atravè Eta New York la. Nou fòse twòp Nouyòkè jere pwosè sivil san yo pa gen okenn gid oswa asistans paske yo pa gen resous finansyè pou yo peye pou yo, men finansman sa a pral pwouve inestimab nan efò pou ede anpil Nouyòkè. Nou paka kite okenn Nouyòkè dèyè, epi mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou angajman l pran pou l asire ke tout moun gen aksè a reprezantasyon legal kèlkeswa sitiyan ekonomik yo”.

**Manm Kongrè Jerrold Nadler te deklare,** “Nou kite twòp viktim krim nan New York pou yo defann tèt yo pou kont yo pandan y ap jere pwosè sivil yo, men finansman jodi a pral ofri asistans pou viktim krim yo ak pou pwogram asistans pou viktim yo byen bezwen. Mwen fyè pou m rejwenn Gouvènè Cuomo pou nou anonse finansman sa a, epi mwen atann pou m travay avèk li alavni”.

Avoka yo finanse atravè sibvansyon sa yo pral ede moun yo chache asistans legal tou atravè [Ed Legal pou Viktim Krim New York la yo \(New York Crime Victims Legal Help\)](#), ki se yon nouvo sitwèb Biwo Sèvis pou Viktim lan te kreye an patenarya ak Empire Justice Center, Pro Bono Net ak Sant pou Rechèch sou Sèvis Sosyal (Center for Human Services Research) nan University at Albany an. Yo ap fè esè pilòt sou sitwèb la, ki gen ladan yon zouti depistaj ak yon repètwa pou èd legal, nan konte Erie, Genesee ak Niagara epi l ap disponib nan 57 konte eta andeyò Vil New York yo apati fen ane 2019 la.

Anplis de sa a, yo pral egzije avoka yo te anboche oswa siyen kontrak avèk yo atravè sibvansyon sa yo pou yo swiv yon fòmasyon 15 èdtan nan lespas yon ane apre yo te anboche yo; yon pòsyon nan fòmasyon sa a dwe gen ladan efè twoma ka genyen sou viktim krim yo ak kijan li gendwa afekte reprezantasyon legal yo a.

Biwo Sèvis pou Viktim lan finanse yon rezo ki gen 222 pwogram asistans pou viktim ki ofri sèvis dirèk, tankou konsèy sikolojik pou kriz, pledwaye ak refij pwovizwa ijans, toupatou atravè eta a. Chak nan pwogram asistans pou viktim sa yo te elijib pou yo aplike pou finansman sa a, ki pral kontinye rive jiska 2023.

Pandan dezan ki sot pase yo, chanjman nan lwa eta anba lidèchip Gouvènè Andrew M. Cuomo a ak yon ogmantasyon nan finansman VOCA gouvènman federal la bay la te pèmèt Biwo Sèvis pou Viktim lan agrandi ak amelyore sèvis pou viktim krim yo, ki gen ladan:

- 18.8 milyon dola pandan yon peryòd twazan pou 85 pwogram asistans pou viktim OVS finanse yo ka anboche jesyonè ka ki pral rasyonnalize ak amelyore sèvis pou viktim krim yo ak fanmi yo.

- 8.4 milyon dola pou yo fè patenarya ak Biwo pou Vyeyès la (Office for the Aging) ak de òganizasyon san bi likratif pou yo amelyore ak agrandi sèvis pou granmoun vilnerab ki a risk pou yo sibi abi, neglijan oswa eksplwatasyon finansyè.
- 5 milyon dola ki pral pèmèt Inivèsite Eta New York la (State University of New York) apwovizyone ak distribye 225,000 valiz konfò bay viktim agresyon seksyèl ak vyolans domestik k ap chache èd nan lopital, refij ak sant èd pou viktim vyòl atravè eta a yo. Kounye a, New York egzije lopital yo pou yo kenbe twous koleksyon prèv pou deli seksyèl yo pandan 20 ane, olye de 30 jou, sa k ap bay viktim yo tan ak espas pou yo geri avan yo decide pou yo kontakte otorite yo.
- Lejislasyon Gouvènè a te siyen pandan ete a agrandi avantaj ki disponib pou viktim krim ki kalifye yo, ki pa te blese fizikman yo, pou mete ladan l ranbousman netwayaj sèn krim ak depans refij pou viktim vyolans domestik yo. Chanjman sa a pral pèmèt viktim krim lahèn oswa ka vyolans domestik yo, aplike pou dedomajman pou depans sa yo nan Biwo Sèvis pou Viktim lan.

### **Biwo Sèvis pou Viktim Eta New York la**

Biwo Sèvis pou Viktim lan ofri yon filè sekirite pou viktim krim yo ak/oswa manm fanmi yo, pou ede moun ki kalifye yo peye pou depans medikal ak pou depans sipò sikolojik yo, depans finere ak antèman yo, pèt salè yo ak sipò, anplis de lòt asistans ankò, tout sa yo san yo pa koute kontribiyab yo anyen. Ajans lan te finanse tou 222 pwogram asistans pou viktim ki ofri yo sèvis dirèk, ki gen ladan sipò sikolojik, sèvis pledwaye, ak sèvis legal, toupatou atravè eta a. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou liy direktis yo ak kote w ka jwenn yon pwogram asistans pou viktim, vizite [www.ovs.ny.gov](http://www.ovs.ny.gov) oswa rele 1-800-247-8035.

### **Enfòmasyon sou Safe Horizon**

Safe Horizon responsabilize viktim vyolans domestik yo, timoun ki viktim abi yo, viktim agresyon seksyèl ak trafik moun yo pou yo vanse soti nan kriz avèk konfyans - kote yo touche lavi 250,000 Nouyòkè chak ane. [www.safehorizon.org](http://www.safehorizon.org)

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)